

Kwiyandikisha kuri WIC yo muri Vermont Ku Rubuga Ngurukanabumenyi

Kugira wemererwe kuri WIC,abantu bategerezwa gukwiza ibisabwa bikurikira:

1. Kuja muri umwe mu migwi ikurikira:
 - Umuntu yibungenze
 - Umuntu yari yibungenze mu mezi 6 aheze
 - Umuntu yonsa amaberebere/igikiriza afise kuva k'uruyoya gushika ku mwana w'amezi 12
 - Uruyoya canke umwana gushika ku myaka 5 (yandikishijwe n'umuvyeyi canke umurezi)
2. Kuba uba muri Vermont
3. Kuba ukwiye amafaranga asabwa canke ukaba mu bifatanya na Medicaid/Dr. Dynasaur, 3SquaresVT (SNAP), TANF (Ubufasha bw'igihe gito ku miryango ya ba ntaho nikora) canke imiryango ifise porogarama y'Abana bafashwe mu mugongo.

Iyi fishi ifata iminota idashika 10 kuyuzuzwa. Nimba ushaka ubufasha mu kwuzuzwa iyi fishi, canke ushaka gusaba uburaro, nyabuna urasabwa kwakura kuri WIC@vermontgov [canke](tel:802-863-7333) 802-863-7333.

Mu gutangura kwiyandikisha, kurikira izi ntambwe:

1. Uzuzwa hanyuma utange iyi fishi yo kwuzuzwa mu rukurikirane kuri imeyili: WIC@vermont.gov
2. Inyuma yo kurungika iyi fishi, umuntu avuye mu biro vya WIC yo mu karere kawe azoguhamagara kugira arabe ko ukwiye ibisabwa. Nimba ubikoze, bazoheza bategure umubonano rya WIC.
3. Itabira umubonano wawe winjizwe muri WIC.

Usabwa gushiramwo amakuru y'ibikuranga aha hepfo.

(*Ikibanza kibwirizwa kwuzuzwa)

Izina ryawe ritangura *

Izina rihereza *

Aderese y'Ibarabara '*'

Numero y'inzu

Igisagara *

Intara *

(Utegerezwa kuba uba muri Vermont kugira uje muvya WIC)

Vermont

ZIP Code *

(Usabwa gukoresha ibiharuro 5 vya ZIP code itangurwa na 05)

Aderese ya imeyili yawe *

Nimero ya telefone *

Ndonderera kuri:

- ☐ Terefone
- ☐ Imeyili
- ☐ Terefone canke Imeyili

Ururimi Ukunda gukoresha *

- ☐ Icongereza
- ☐ Ibimenyetso bikoreshwa n'abafise ubumuga bwo kutavuga vy'abany'Amerika(ASL)
- ☐ Icarabu
- ☐ Burmese
- ☐ Dari

- ☐ Igifaransa
- ☐ Maay Maay
- ☐ Nepali
- ☐ Pashto
- ☐ Igisomali
- ☐ Iki Espanyore
- ☐ Igiswahili
- ☐ Ibindi:

Amajambo ukoresha kumenyekanisha igitsina cawe ni ayahe?

- ☐ Igitsina gore
- ☐ Igitsina gabo
- ☐ Bo/bobo
- ☐ Mpisemwo kutishura
- ☐ Ibindi:

Ni iyihe minsi myiza yo mu ndwi y'umubonano? *

(Hitamwo vyose bikenewe)

- ☐ Ku wa mbere
- ☐ Ku wa kabiri
- ☐ Ku wa gatatu
- ☐ Ku wa kane
- ☐ Ku wa gatanu
- ☐ Umusi uwariwo wose

Ni ayahe masaha meza y'umubonano? *

(Hitamwo vyose bikenewe)

- ☐ Mu gitondo
- ☐ Inyuma y'umutaga
- ☐ Umwanya uwariwo wose

Wumvise gute ibijanye na WIC? *

(Hitamwo vyose bikenewe)

- ☐ Umuryango canke umugenzi
- ☐ Uwutanga ubuvuzi
- ☐ Kurondera ku rubuga ngurukana bumenyi canke facebook
- ☐ Irindi shira hamwe
- ☐ Ivyamamazwa
- ☐ Ubutumwa bwo muri telefone ku bijanye na WIC
- ☐ Ibindi:

Rungika ifishi yujujwe kuri: WIC@vermont.gov

Ndatahura ko Ikigo c'Ubuwuzi bwa Vermont kizosangiza aya makuru na WIC yo mu karere kanje, azoshobora gukoresha aya makuru kugirango bemeze nimba nemerewe na WIC. Usabwa kuraba amategeko [y'amabanga ya](#) Vermont kugira ngo ubone amakuru yimbitse ku gutanga amakuru mu buhinga bwa none muri porogarama ya WIC.

Ndatahura kandi ko mu gutanga aya makuru, ntabwo nemerewe bikwiye ko nzinjizwa muri porogarama.

Ku zindi porogarama zose z'imfashanyo y'imirire ya FNS, ibisata vya Leta canke vy'intara, n'ababihabwa, bategerezwa gushiramwo aya majambo akurikira yerekeye ukudavangura:

Hakurikijwe amategeko y'uburenganzira bwa muntu ya Leta Zunze Ubumwe z'Amerika n'Igisata ca Leta Zunze Ubumwe z'Amerika c'itaho uburimiye (USDA) hamwe n'amategeko n'ingingo z'uburenganzira bwa muntu, iri shirahamwe rirabujijwe gukumira abantu bafatiye ku bwoko, ibara ry'urukoba, igihugu umuntu aturukamwo, igitsina (harimwo n'ukwiyunvamwo kw'igitsina hamwe n'igitsina umuntu akunda), ubumuga, imyaka, canke guhora canke kwivuna kubera ibikorwa vy'uburenganzira bwa muntu vyaheze.

Amakuru y'integuro arashobora kuboneka no mu zindi ndimi atari Icongerezwa. Abantu bafise ubumuga bakeneye ubundi buryo bwo guhanahana amakuru kugira baronke amakuru y'integuro (nk'akarorero, indome z'impumyi, indome zinini, amajwi yafashwe ku makasete, Ururimi rw'Ibimenyetso rw'Abanyamerika), bakwiye guhamagara ishirahamwe rya leta canke ry'akarere ryitaho ico gisata canke Ishirahamwe Nyamukuru rya USDA kuri (202) 720-2600 (ijwi na TTY) canke bahamagare USDA biciye ku Kigo c'Igihugu Gifasha Guhanahana Amakuru kuri (800) 877-8339.

Kugira umuntu atange ikirego c'ikumira mu gisata, Uwutanga ikirego ategerezwa kuzuza ifishi AD-3027, Ifishi yo Gutanga Ikirego c'ikumira mu Gisata ca USDA ishobora kuronka ku ngurukanabumenyi kuri: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, mu biro vyose vya USDA, uhamagaye kuri (866) 632-9992, canke wanditse ikete wandikira USDA. Ikete ritegerezwa kuba ririmwo izina ry'uwutanze ikirego, adereshe, inomeru ya telefone, hamwe n'insiguro yanditse y'igikorwa c'ikumira kivugwa mu buryo bwimbitse buhagije kugira bumenyeshye Umunyamabanga mwunganizi Ajejwe Uburenganzira bwa Muntu (ASCR) ku bijanye n'ubwoko n'igenekerezo ry'icaha c'ukutubahiriza uburenganzira bwa muntu kivugwa. Ifishi AD-3027 yujijwe canke ikete bitegerezwa gushikirizwa USDA biciye k':

1. ubutumwa ngurukanabumenyi (mail):

Leta Zunze Ubumwe z'Amerikawayaway Igisata kijejwe ivy'uburimiye
Iburo vy'Umunyamabanga mwunganizi Ajejwe Uburenganzira bwa Muntu
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; canke

2. fax:

(833) 256-1665 or (202) 690-7442; canke

3. ubutumwa ngurukanabumenyi (email):

Program.Intake@usda.gov

Iki kigo ni umutanzi w'amahirwe angana.